

KHUTBAH IDUL FITRI

TAUN
1442 H

Dikuarkeun ku :
Kantor Kementerian Agama Kab. Pangandaran
Seksi Bimbingan Masyarakat Islam

TAUN
2021 M

اللَّهُ أَكْبَرُ (9 ×) لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ , اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا , لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ صَدَقَ وَعْدُهُ وَنَصَرَ عَبْدَهُ وَأَعَزَّ جُنْدَهُ وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ , لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ. الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي فَرَضَ الصِّيَامَ عَلَى عِبَادِهِ الْمُؤْمِنِينَ وَ جَعَلَهَا رُكْنًا مِنْ أَرْكَانِ الْإِسْلَامِ لِجَمِيعِ الْمُسْلِمِينَ وَأَمَرَنَا بِالْمُحَافَظَةِ عَلَيْهَا فِي كِتَابِهِ الْمُبِينِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَالتَّابِعِينَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ أَمَّا بَعْدُ فَيَا عِبَادَ اللَّهِ أُوصِيكُمْ وَإِيَّائِي بِتَقْوَى اللَّهِ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ قَالَ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

METIK HIKMAH TINA IBADAH PUASA

Sagala puji kagungan gusti anu maha suci shalawat salam mugi salamina disanggakeun ka kangjeng Nabi Muhammad SAW katut kulawarga shahabat sareng ka sadaya umatna anu mutaba'ah ka anjeuna tug dugi ka yaumil kiyamah. Sajagad raya umat Islam di dunia dinten ieu nuju ngarasa bungah bahagia kulantaran tos beres ngalaksakeun dua kawajiban nyaeta ibadah puasa sareng zakat fitrah.

Sok sanajan parantos sa taun lamina wabah virus corona nyerang nagara urang kaasup nagara-nagara sejenna disaantero dunya tapi hal eta teu matak ngirangan kabungah urang sadaya umat islam sadunya ku tutasna ngalaksanakeun ibadah saom ramadlan sareng ibadah-ibadah sejenna

Kabungah anu kahontal ku jalmi saom nu didadasaran ku iman sareng ikhlas dina ngalaksanakeun nana parantos disaurkeun ku kanjeng Nabi ku pidawuhna mantena,

لِلصَّائِمِ فَرْحَتَانِ فَرْحَةٌ عِنْدَ إِفْطَارِهِ وَفَرْحَةٌ عِنْدَ لِقَاءِ رَبِّهِ

“Pikeun nu puasa aya dua kabungah nyaeta nalika buka sareng naliku tepung jeung Allah jaga di akherat”.

Ayeuna umat Islam kudu ngarasa bungah sabab urang tos berhasil ngalakonan puasa dina sabulan lilana, pamugi wae puasa urang jeng sagala ibadahna ditarima ku Allah SWT.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Ibadah Puasa bisa ditingali tina opat jihat nyaeta Aqidah, fiqih, etika jeung falsafah.

Kahiji, Tina segi aqidah urang wajib nekadkeun yen puasa teh bagian tina rukun Islam anu lima kalawan didadasaran ku dawuhan Allah anu nyata jelas tur tandes dina al-quran al-karim. Saha wae jalma anu ingkar kana wajibna puasa ramadlon berarti murtad, hartosna eta jalma tos kaluar tina Islam, pon nyakitu keneh anu teu puasa di bulan Ramadlon kalawan ingkar kana wajibna puasa maka dihukuman murtad , nu kitu lain wae wajib qodo tapi wajib disyahadatkeun deui, lamun henteu syahadat deui eta jalma dihukuman kafir.

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَمَاتُوا وَهُمْ كُفَّارًا أُولَئِكَ عَلَيْهِمْ لَعْنَةُ اللَّهِ وَالْمَلَائِكَةِ وَالنَّاسِ أَجْمَعِينَ خَالِدِينَ فِيهَا لَا يُخَفَّفُ عَنْهُمْ الْعَذَابُ وَلَا هُمْ يُنظَرُونَ

Hartosna, ”saestuna ari jalma anu kafir tur maot dina kaayaan kafir maka eta jalma-jalma teh bakal meunang la'nat Allah, malaikat jeung sakabeh manusa, maranehna abadi di Naraka tur moal meunang karingan sarta moal ditingali- tingali acan” (Qs. Al-Baqoroh: 161-162)

Ancaman dina ayat ieu diantarana ditunjukeun pikeun jalma anu ingkar kana wajibna puasa, kalawan ancamannana naraka salalawasna. Sedengkeun keur jalma anu henteu puasa tanpa uzur bari nekadkeun kana wajibna puasa, maka dihukuman jalma durhaka, kalawan wajib tobatna jeung ngodoan dina bulan sejenna.

Kadua, dina segi fiqh, puasa kudu dilaksanakeun kalayan akur jeng katantuan hukum diantarana rukun puasa kudu niyat di waktu peuting jeung ngajaga tina sagala rupa anu matak ngabatalkeun dina waktu beurangna. Sedengkeun sahna puasa kudu beragama Islam, mumayyiz (hartina bisa ngabedakeun antara hade jeng goreng), terus puasa teh kudu suci tina darah hed jeng nifas.

Puasa mung wajib keur jalma anu berakal, baligh jeung mampu ngalaksanakeunnana. Sedengkeun keur jalma anu henteu kuat saperti anu gering jeung musafir henteu wajib puasana, tapi wajib qodo di bulan sejenna.

أَيَّاماً مَّعْدُودَاتٍ فَمَنْ كَانَ مِنْكُمْ مَّرِيضاً أَوْ عَلَى سَفَرٍ فَعِدَّةٌ مِنْ أَيَّامٍ أُخَرَ وَعَلَى الَّذِينَ يُطِيقُونَهُ فِدْيَةٌ طَعَامُ مِسْكِينٍ فَمَنْ تَطَوَّعَ خَيْرًا فَهُوَ خَيْرٌ لَهُ وَأَنْ تَصُومُوا خَيْرٌ لَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ "

Hartosna, puasa dina pirang pirang poe anu ditangtukeun, saha wae anu teu puasa lantaran gering atawa musafir maka qodoan puasana dina poe lain, sedengkeun lamun teu mampu puasa sabab uzur maka kudu diganti ku fidyah nu dipasrahkeun ka jalma miskin anu lobana samud sapoena, jeung saha jalma anu nyieun kahadean kucara nambahan fidyah maka eta leuwih utama, jeung lamun puasa eta leuwih hade pikeun aranjeun kitu ge lamun aranjeun pada ngarti." (Qs. Al-Baqarah, 184)

Katilu, masalah etika dina puasa mangrupikeun pokok pergaulan sapopoe, mun jalma boga etika pasti bakal dihargaan, tapi ulah miharep jalma ngahargaan lamun urang henteu pernah ngahargaan ka batur. Etika anu puasa atawa anu henteu puasa pada- pada wajib silih ajenan. Keur anu henteu puasa etikana kudu nutupan yen dirina henteu puasa, ulah sembarangan cuam caem balangdahar di mana wae. Masalah puasa eta urusan pribadi, rek puasa heug henteu oge heug, ngan kahayang teh kudu boga kaera mun bulan puasa balang dahar sembarangan, paling saeutik kudu era ku jelema lamun teu era ku gusti Allah. Mun teu boga kaera ku jalma berarti eta nandakeun yen dina dirina henteu boga iman.

Saperti pada umum jalma anu beda agama, malah sopan keneh jalma non muslim sok ngahargaan sanajan manehna teu puasa. Sedengkeun keur jalma anu puasa kanu henteu puasa etikana kudu ngelingan, kucara mere nasehat atawa ngawurukan sangkan urang ngajaga balang dahar sanajan henteu puasa. Sabab penting kacida urang ngajaga tina penilaian negatif batur terhadap diri urang, sahingga ulah dianggap ku batur yen urang tara puasa tara shalat tara ibadah, kajaba mun urang geus bener-bener henteu ngaku kana agama Islam.

Dina agama Islam aya wacana mun berbuat maksiat bari nyumput eta masih aya kahadean keneh. tapi lamun nyieun kagorengan bari terang terangan nandakeun geus ruksak imanna. Saur Kangjeng Nabi yen era teh bagian tina iman

الْحَيَاءُ مِنَ الْإِيمَانِ

Hartina lamun jalma teu boga kaera dina waktu berbuat maksiat berarti eta jalma geus kurang imanna.

مَنْ رَأَى مِنْكُمْ مُنْكَرًا فَلْيُغَيِّرْهُ بِيَدِهِ فَإِنْ لَمْ يَسْتَطِعْ فَبِلِسَانِهِ وَإِنْ لَمْ يَسْتَطِعْ فَبِقَلْبِهِ وَذَلِكَ أَضْعَفُ الْإِيمَانِ

Hartosna, "saha jalma anu ningali pamunggaran di antara anjeun maka kudu ngarobah ku leungeunna, mun henteu mampu ku leungeun kudu ngarobah ku letahna, jeung lamun henteu mampu ku letah kudu ngarobah ku hatena, jeung eta teh panglemahna iman" kitu numutkeun pitutur Rasulullah SAW.

Dumasar kana hadits diluhur ngandung harti yen mun aya pamunggaran ulah diantep tapi kudu di da'wahan sesuai kamampuan masing-masing.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Kaopatna, ari puasa ditingali tina segi falsafah nyaeta terwujudna perobahah sikap mental, moral, spiritual, emosional jeng sosial. Mental jalma anu puasa kudu tahan uji kudu siap menghadapi sagala rintangan jeung tantangan, kudu sabar, ulah cengeng ulah epes meer ulah teu kaopan, ulah ngarasa lemah ulah ngarasa minder.

وَلَا تَهِنُوا وَلَا تَحْزَنُوا وَأَنْتُمْ الْأَعْلَوْنَ إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ

Hartosna, poma anjeun ulah ngarasa hina ulah ngarasa nalangsa, sedengkeun anjeun teh jalma anu luhung lamun anjeun tetep jadi jalma anu beriman. (Qs Ali Imran 139)

Pidawuh Rasulullah SAW

الْمُؤْمِنُ الْقَوِيُّ خَيْرٌ وَأَحَبُّ إِلَى اللَّهِ مِنَ الْمُؤْمِنِ الضَّعِيفِ وَفِي كُلِّ خَيْرٍ آخِرٌ عَلَى مَا يَنْفَعُكَ وَاسْتَعِزْ بِاللَّهِ وَلَا تَعْجِزْ

Hartosna, ari jalma mumin anu kuat eta leuwih alus jeung leuwih dipikacinta ku Allah daripada mukmin anu lemah, kulantaran eta kudu sumanget neangan nu mere manfaat ka anjeun sarta anjeun ulah ngarasa lemah. (al-Hadits)

Moral jalma anu puasa kudu leuwih hade, diantaranya kudu mampu ngajaga letahna tina nyarita bohong sumpah palsu, gibah, nyarekan batur jeung sajabana. Sabab ceuk kanjeng Nabi, Allah henteu butuh kana puasana hamba lamun eta hamba henteu mampu ngajaga tina omongan bohongna, hartina jalma anu puasa akhlakna kudu leuwih hade, rumah tanggana kudu leuwih trentrem oge barudakna kudu leuwih soleh. Secara spiritual jalma anu puasa kudu leuwih peka hatena, mampu ngarekam sagala isyarat-isyarat Allah nu aya dina damelanana, boh damelan nu aya di langit, di bumi, nu aya dina awak atawa anu aya dina Al-quran.

إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ الَّذِينَ إِذَا ذُكِرَ اللَّهُ وَجِلَّتْ قُلُوبُهُمْ وَإِذَا تُلِيَتْ عَلَيْهِمْ آيَاتُهُ زَادَتْهُمْ إِيمَانًا وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ

Hartosna, saestuna ari jalma anu iman dimana disebut jenengan Allah bakal sieun hatena, jeung dimana dibacakeun ayat-ayat Allah bakal tambah imanna sarta ka Allah tambah tawakkalna (Qs, Al-Anfaal 2).

Sacara emosi jalma anu puasa kudu mampu nyengker tina sagala kaambek, Kangjeng Nabi midawuh yen lamun aya jalma ngajak pasea sedengkeun urang keur puasa bejakeun yen urang keur puasa, pon nyakitu keneh mun aya nu ngambek. Oge Kangjeng Nabi midawuh yen saestuna ari jalma anu gagah lain anu sok sisorongot tapi jalma anu gagah mah jalma anu mampu mengendalikeun nafsuna lamun aya kaambek.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ وَ لِلَّهِ الْحَمْدُ

Saterusna jalma anu puasa sacara sosisial kudu hade jeung balarea, kudu ngajaga hubungan jeung dulur, kudu akur jeng batur sakasur, batur sadapur jeung batur salembur. Utamana daek silaturahmi, gede hampura, jembar manah sarta ulah saruana mun aya jalma nu goreng adatna. Kahadean anu paling gede ganjaranana di bulan romadlon nyaeta nulung kanu butuh nalang kanu susah, sanajan ngan ku carita atawa bahasa.

Pidawuh Rasullullah, "Saha jalma nyumponan hajat jalma Islam di bulan ramadlon maka Allah bakal nyumponan sarebu hajatna dina poe kiyamah."

مَنْ يَشْفَعْ شَفَعَةً حَسَنَةً يَكُنْ لَهُ نَصِيبٌ مِنْهَا ۖ وَمَنْ يَشْفَعْ شَفَعَةً سَيِّئَةً يَكُنْ لَهُ كِفْلٌ مِنْهَا ۗ وَكَانَ اللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ مُّقِيتًا

"Sing saha jalma anu ngabantuan kana hade pasti bakal meunang bagian tina kahadean, sedengkeun lamun jalma ngabantuan kana goreng pasti bakal meunang kagorengan, saenya Allah eta kacida maha kuatna" (Qs Al-Nisa 85-86)

Pidawuh Rasul anu hartosna yen "Saestuna Allah SWT salawasna bakal nulungan hambana salami hamba eta masih sok tutulung ka sasama hambana" (Al-Hadits).

وَتَعَاوَنُوا عَلَى الْبِرِّ وَالتَّقْوَىٰ وَلَا تَعَاوَنُوا عَلَى الْإِثْمِ وَالْعُدْوَانِ

Hartosna, "jeung kudu silih tulung tinulung aranjeun dina kahadean jeung katakwaan, sarta ulah silih tulung tinulung aranjeun dina perbuatan dosa jeung permusuhan" (QS Al Maidah : 2)

Ibadah puasa kudu mampu ngarobah tina sifat sewang-sewangan kana sifat gotong royong, anu tadina pedit jadi berehan, anu tadina haseum budi jadi someah. Tah ieu anu disebut kasolehan sosial, ulah lebar ku harta da harta moal dibawa maot. Urang kudu ngabersihan hate tina cinta kana dunya ku cara loba sodaqah anu ikhlas. Yu urang titipkeun harta urang supaya nepi ka Allah melalui panti asuhan, pondok pesantren, masjid, majlis ta'lim jeng nu sejenna malah mandar eta harta jadi syafaat jaga di poe kiamah.

Pamugi puasa urang sing jadi benteng tina sagala bentuk maksiat sarta jadi panyinglar tina penderitaan dunya akhirat, kalayan muga-muga wabah virus corona anu geus nyerang nagri urang sareng nagara-nagara sejenna disaantero dunya enggal-enggal dicabut dihilangkeun ku Allah SWT sahingga kahirupan urang dina sagalawidang tiasa normal deui luyu sareng anu dipaharep ku urang sadaya. Aamiin ya rabbal alamin

بَارَكَ اللهُ لِي وَلَكُمْ بِالْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ وَتَقَبَّلْ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH KADUA

الله أكبر (7 ×) لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَالله أكبر اللهُ أكبر اللهُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ الدَّاعِيَ إِلَى رِضْوَانِهِ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ وَأَنْتَهُوا عَمَّا نَهَى وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرُكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَتَنَى بِمَلَأَ بِكِتَابِهِ بِقُدْسِهِ وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ آمِينَ يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ وَأَنْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِينَ وَ دَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَاعْلِي كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَةِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ عَنْ بَلَدِنَا إِنْ دُونِيَسِيًّا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَصَلَّى اللهُ عَلَى عَبْدِكَ وَرَسُولِكَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلِّمْ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

عِبَادَ اللهِ! إِنَّ اللهَ يَأْمُرُنَا بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَادْكُرُوا اللهُ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَأَشْكُرُوهُ عَلَى نِعْمِهِ يَزِدْكُمْ وَلِذِكْرِ اللهِ أَكْبَرُ

TEKS KHUTBAH DIGANDAKEUN KU
BAZNAS KABUPATEN PANGANDARAN
"Salurkeun Zakat Infaq sareng Shodaqoh ngalangkungan
BAZNAS Kabupaten Pangandaran"